10 Dzulhijjah 1440 H

Hakekat Idul Adha

Oleh: K. Muqorrobin, S.Pd (Wakil Katib PCNU Po.)

اللهُ اَكْبَرْ (×٣) اللهُ اَكْبَرْ (×٣) اللهُ اَكبَرْ (×٣) وَلِلَّهِ الْحَمْدُ.
الْحَمْدُ لِلَّهِ الْمُنْفَرِدِ بِالْقَدَرِ وَالْبَقَاءِ. والْعَظَمَةِ وَالْكِبْرِيَاءِ. وَالْعِزِّ الَّذِى لَا يُرَامُ. الَّذِى لَا يُمَثِّلُهُ الْعَقْلُ ولَا يَحُدُّهُ الْفِكْرَةُ ولَا تُدْرِكُهُ الْأَوْهَامُ. أَحْمَدُهُ عَلَى جَمِيْعِ نِعَمِهِ الْوَافِرَةِ الْجِسَام. وأَسْأَلُهُ حِفْظَ نَعْمَةِ الْإِيْمَانِ والْإِسْلَام. وأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ, إِلَهٌ اعْتَزَّ بِهِ مَنْ عَزَّ فَلَا يُضَامُ. وَذَلَّ مَنْ تَكَبَّرَ عَنْ أَمْرِهِ وَلَقِيَ الْآثَامَ. وَاشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ ورَسُوْلُهُ الَّذِى بَيَّنَ طَرِيْقَ الْقَوَام. أَللهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وأَصْحَابِهِ مَادَامَتِ السِّنُوْنَ وَالْأَعْوَام.
أَمَّا بَعْدُ. فَيَاإِخْوَنِي الْكِرَامُ. أُوْصِيْكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ. وَاعْلَمُوا أَنَّ يَوْمَكُمْ هَذَا يَومٌ عَظِيْمٌ. يَوْمٌ ابْتَلَى اللهُ إِبْرَاهِيْمَ علَيْهِ السَّلامُ بِالْأَمْرِ بِذَبْحِ ابْنِهِ فَصَبَرَ وَامْتَثَلَ. فَجَعَلَ اللهُ جَزَائَهُ الْحُسْنَى.

Ma'asyirol muslimin hafidhokumulloh

Monggo sesarengan nambahi taqwalloh, ajrih dumateng Alloh, kanti nindaaken dateng sedoyo perintah-printahipun soho nebihi sedoyo awisan-awisanipun. Lan monggo sami mahos takbir bakdanipun sholat fardhu, sholat janazah lan bakdanipun sholat-sholat sunnah ngantos asar akhiripun dinten tasyrik.

Ma'asyirol muslimin hafidhokumulloh

Allohu Akbar x 3 Walillahilhamd.

Alhamdulillah, wonten ing injing meniko kitho saget sareng-sareng ngleksanaken sholat 'Idul Adha. 'Idul Adha saget dipun artosaken dinten *Riyoyo Agung utawi Besar*. Jalaran tiyang ingkang nindaaken sholat 'Idul Adha kanti dipun rumiyini ngathah-ngathahaken siyam soho amal sahe, milai tanggal setunggal ngantos tanggal sedoso Dzulhijjah meniko *agung utawi besar ganjaranipun*. Rosulullooh Muhamad SAW dawuh:

مَا مِنْ أَيَّامٍ أَحَبُّ إِلى اللَّهِ أَنْ يُتَعَبَّدَ لهُ فِيها مِنْ عَشْرِ ذِى الحِجَّةِ, يَعْدِلُ صِيَامُ كُلِّ يَوْمٍ مِنْها بِصِيَامِ سَنَةٍ وَقِيَامُ كُلِّ لَيْلَةٍ فِيْها بِقِيامِ لَيْلَةِ الْقَدْرِ. (رواه الترميذيّ)

"Ora ono dino-dino kang digawe ibadah kang luwih disenengi Alloh tinimbang sepuluh dino wulan Dzulhijjah. Poso sedino soko dino-dino iku podo poso setahun, njumeningi ibadah ono wengine podo karo ibadah wengine lailatul qodar". HR. At-Tirmidzi.

Ganjaranipun kados dene mujahid, Rosululloh dawuh:

مَا مِنْ أَيَّامٍ الْعَمَلُ فِيهِ أَفْضَلُ مِنْ عَشَرِ ذِي الْحِجَّةِ، قِيلَ: وَلا الْجِهَادُ فِي سَبِيلِ اللَّهِ؟ قَالَ :« وَلاَ الْجِهَادُ فِى سَبِيلِ اللَّهِ إِلاَّ رَجُلٌ خَرَجَ بِنَفْسِهِ وَمَالِهِ ثُمَّ لَمْ يَرْجِعْ مِنْ ذَلِكَ بِشَىْءٍ. (رواه البخاريُّ)

Rosulullooh SAW ugi dawuh:

سُئِلَ عَنْ يَوْمِ عَرَفَةَ, فَقَالَ: يُكَفِّرُ السَّنَةَ المَاضِيَةَ والْبَاقِيَةَ. (رواه مسلم)

"Rosulullooh dipun suwuni perso poso wonten dinten 'Arofah, lajeng dawuh: 'Nglebur doso setahun kang wes klewat lan doso setahun kanga rep teko".

Ma'asyirol muslimin hafidhokumulloh

Allohu Akbar x 3 Walillahilhamd

'Idul Adha ugi saget dipun artosaken *Riyoyo Haji.* Kranten ing dinten meniko dinten ipun nindaaken ibadah haji. Jutaan kaum muslimin ingkang mampu saking pundi-pundi negari sami rawoh wonten ing Mekkah Al-

Mukarromah. Sami nindaaken rukun-rukun lan wajibipun haji. Wonten ing injing meniko jamaah haji sami melontar Jumroh Aqobah wonten ing Mina. Lajeng nerusaken Thowaf Ifadhoh wonten ing Ka'bah, lajeng Sa'i, lajeng Tahallul Awal. Ibadah haji meniko setunggalipun ibadah ingkang mbetahaken pinten-pinten kesiapan. Kesiapan fisik, materi, lan ugi kesiapan mental. Kesiapan fisik kados kekiyatan badan soho kesehatan. Kesiapan materi kados ongkos perjalanan tuwin nafaqoh keluarga ingkang dipun tilar. Dene kesiapan mental kados siap nilar pangandikan ingkang awon soho poro padu selaminipun ibdah haji. Ibadah haji ingkang mbetahaken pinten-pinten bekal meniko menawi katindaaken kanthi estu, senahoso nandang kepayahan lan rekaos tamtu mboten sekedik piwalesipun. Ingantawisipun, ibadah haji saget nuceni lan ngumbah sedoyo doso. Rosululloh SAW dawuh:

حُجُّوْا فَإِنَّ الْحَجَّ يَغْسِلُ الذُّنُوْبَ كمَا يَغْسِلُ المَاءُ الدَّرَنَ. (رواه الطبرانيّ)

"Hajio siro kabeh, saktemene haji iku biso nuceake doso koyo anggone banyu ngresiki kotoran".

Lan sampun memper bilih haji mabrur meniko piwalesipun suwargo. Rosululloh SAW:

وَالحَجُّ المَبْرُورُ لَيْسَ لَهُ جَزَاءٌ الّا الْجَنّة. (رواه البخاري ومسلم)

"Haji mabrur iku ora ono piwales kang sepadan kejobo suwarga".

Ma'asyirol muslimin hafidhokumulloh

Allohu Akbar x 3 Walillahilhamd

Idul Adha ugi saget dipun artosaken *Riyoyo Kurban.* Jalaran wonten ing saminipun dinten meniko nabi Ibrohim as dipun uji deneng Alloh. Nabi Ibrohim as pikantuk wahyu supados ngurbanaken/mragat putronipun ingkang nami Ismail as. Injangipun nabi Ibrohim rumahos susah, kranten Ismail meniko putro ingkang taksih ngancik umur kekanak-kanakan, ingkang taksih lucu-lucunipun ingkang saget menghibur tyang sepuhipun. Lajeng perkawis meniko dipun rundingaken daten putro Ismail. Al-Qur'an mengabadikan meniko:

يَا بُنَيَّ إِنِّى أرَى فِى المَنَام أنِّى أذْبَحُكَ فَانْظُرْ مَاذَا تَرَى. قَالَ يَا أبَتِ افْعَلْ مَا تُؤْمَرُ سَتَجِدُنِى إنْ شَاءَ اللهُ مِنَ الصَّابِرِيْنَ.

Nabi Ibrohim as ngendiko:"He ngger putraku, saktemene ingsun nompo wahyu impen rupo dawuh supoyo ngurbanake sliramu. Mongko cobo pikiren kepriye mungguh panemu mu? Ismail matur: "Duh romo, monggo kulo aturi ngleksanaaken printahipun Alloh. Insyaalloh panjenengan bade pinanggih kawulo termasuk golonganipun tiyang engkang sabar". Lajeng tiyang kaleh (Ibrohim lan Ismail) bidal menuju dateng panggenan ingkang sepi".

فَلَمَّا أسْلَمَا وَتَلَّهُ لِلْجَبِيْنِ. وَنَادَيْنَا أنْ يَا إبْرَاهِيْمُ, قَدْ صَدَّقْتَ الرُّؤْيَا إنَّا كَذَلِكَ نَجْزِى الْمُحْسِنِيْنَ. إنَّ هَذَا لَهُوَ الْبَلَاءُ الْمُبِيْنُ. وَفَدَيْنَاهُ بِذِبْحٍ عَظِيْمٍ.

"Ing naliko tiyang kekalih sampun sami pasrah dateng Alloh, Ismail sampun sare miring, nabi Ibrohim sampun nyelehaken pedang wonten ing gulunipun Ismail, lajeng wonten pengundang-undang ingkang mboten wonten rupinipun: He Ibrohim, siro wes ngestuake wahyu impen. Saktemene ingsun bakal maringi piwales ganjaran marang wong-wong kang podo laku bagus. Saktemene iku kabeh mung ujian iman kang terang. Mongko saiki Ingsun aweh tebusan wedus kang gede saking ngersoningsun, potongen kanggo kebungahan".

Mendo menikolah ingkang rumiyen mendo kagunganipun Habil (putronipun nabi Adam as). Lajeng mendo dipun pragat, lajeng wonten latu saking langit ingkang ngobong

nelasaken mendo kasebat kejawi sirahipun. Meniko nedahaken bilih kurbanipun Ibrohim kaliyan Ismail dipun tampi Alloh. Lajeng sirah mendo dipun asto kundur dipun ceritaaken lan dipun duduhaken garwonipun, selajeng sedoyo sami syukur dumateng Alloh.

Ma'asyirol muslimin hafidhokumulloh
Allohu Akbar x 3 Walillahilhamd
Kagem tiyang ingkang gadahi azam bade kurban dipun sunnahaken mboten motong rambut utawi kuku milai tanggal setunggal ngantos kurban bade dipun pragat. Hukum ipun kurban tumrap tiyang ingkang mampu, meniko miturut madzhab ipun Imam Malik, Syafi'I lan Imam Ahmad hukumipun *sunnah kifayah muakkadah* (sunnah engkang cekap umpami dipun lampahi kepala keluarga).
(كذا فى البغية ورحمة الأمة فى الاختلاف الأئمة)
Miturut madzhab Imam Hanafi hukum ipun *wajib* tumrap tiyang ingkang mampu. Dene miturut Ulama' Hanafi, kados Imam Muhammad lan Imam Abu Yusuf hukumipun *sunnah 'ain muakkadah* (sunnah ingkang tiap-tiap muslim ingkang mampu dipun sunnahaken amal kurban. Mboten dipun sekso tiyang ingkang mboten kurban nanging dipun aling-alingi syafa'atipun kanjeng nabi Muhammad). (كذا فى الفقه على المذاهب الأربعة)
Kagem tiyang ingkang kurban sunnah, piyambakipun lan keluarganipun dipun perengaken tumut dahar dagingipun. Wondene menawi kurban wajib, kados sampun dipun nadzari, dipun haramaken tumut dahar dagingipun. Kagem tiyang ingkang kurban sunnah kagem tiyang sanes utawi kagem mayit ingkang sampun wasiat dipun haramaken tumut dahar dagingipun.
Sapi, maeso/kebo lan ugi mendo, sami ugi lanang utawi wadon sedoyo kengeng kadamel hewan kurban. Ingkang penting sampun memenuhi syarat-syarat ipun. Ananging langkung sae lan afdhol menawi ingkang lanang. Miturut Ibnu Abbas, kagem tiyang ingkang mboten mampu kurban ngagem sapi, maeso lan mendo cekap kurban mawi jago utawi banyak. Malah-malah As-Syaikh Muhammad Al-Fudholi ngaturi fatwa kagem tiyang-tiyang fakir taqlid dateng pendapatipun Ibnu Abbas. (Senahosa wonten ing kitab Asy-Syarqowi kito mboten dipun parengaken taqlid dateng qoul meniko). *Imam Romli marengaken* kurban dipun sarengaken niat aqiqoh, *Imam Ibnu Hajar mboten marengaken.*

Wondene fadhilah ipun berkurban, kados dawuh ipun Rosululloh SAW:

مَا عَمِلَ ابْنُ آدَمَ يَوْمَ النَّحْرِ عَمَلاً أَحَبَّ إِلى اللهِ عَزَّ وجَلَّ مِنْ هِراقَةِ الدَّمِ وإِنَّهُ لَيَأْتِى يَوْمَ القِيَامَةِ بِقُرُوْنِهَا وأَظْلاَفِهَا وأَشْعَارِهَا, وإِنَّ الدَّمَ لَيَقَعُ مِنَ اللهِ عَزَّ وجَلَّ بِمَكَانٍ قَبْلَ أَنْ يَقَعَ عَلَى الْأَرْضِ. فَطِيْبُوْا بِهَا نَفْسًا. (رواه ابن ماجه)

"Ora ono amalan kang dilakoni anak adam naliko dino nahr kang luwih disenengi Alloh tinimbang ngilikake getih (berkurban). Saktemene besok dino kiyamat hewan kurban iku teko sak sungu-sungune, kukune lan bulu-bulune. Lan saktemene getih e iku dumugi (diridhoi) Alloh sakdurunge tetes neng bumi. Mongko legokno (tenangno) atimu kanti berkurban". (HR. Ibnu Majah)

Rosulloh SAW ugi ngancam dateng tiyang mampu ingkang mboten purun berkurban kanti pangandikanipun:

مَنْ كَانَ لَهُ سَعَةٌ فَلَمْ يُضَحِّ فَلاَ يَقْرُبَنَّ مُصَلَّانَا. (رواه ابن ماجه)

"Sopo wonge diparingi jembare rizqi banjur dewekne ora gelem kurban, mongko becik ojo nyedek tempat sholatku". (HR. Ibnu Majah)

Mugi-mugi Alloh pareng panjang umur dateng kito kagem taat ngantos saget menangi malih Idul Adha wonten ing tahun-tahun selajeng ipun sarono sehat afiyat. Aamiin

وَاللهُ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى يَقُوْلُ, وَبِقَولِه يَهْتَدِى الْمُهْتَدُونَ, اَعُوْذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْم. وَنَادَيْنَاهُ أَنْ يَا إِبْرَاهِيْمُ. قَدْ صَدَّقْتَ الرُّؤْيَا إِنَّا كَذَلِكَ نَجْزِى المُحْسِنِيْنَ. وَفَدَيْنَاهُ بِذِبْحٍ عَظِيْمٍ.
بَارَكَ اللهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيْمِ، وَنَفَعَنِيْ وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيْهِ مِنَ اْلآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيْمِ. وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَاَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِيْنَ.

Khutbah II

اللهُ اَكْبَرْ (٧x) اللهُ اَكْبَرْ كبيرا وَالْحَمْدُ للهِ كَثِيْرًا وَسُبْحَانَ الله بُكْرَةً وَ أَصْيْلاً لاَ اِلَهَ اِلاَّ اللهُ وَاللهُ اَكْبَرْ اللهُ اَكْبَرْ وَللهِ اْلحَمْدُ.
اْلحَمْدُ للهِ الَّذِي مَنْ عَلَيْنَا بِفَضْلِهِ الْجَسِيْم, اِذْ مَنَّ عَلَيْنَا بِمُحَمَّدٍ اَفْضَلِ الْخَلْقِ اَجْمَعِيْنَ, فَهَدَانَا اِلَى دِيْنِ الْحَق وَالصِّرَاطِ الْمُسْتَقِيْم. وَاَشْهَدُ اَنْ لآ اِلَهَ اِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيْكَ لَهُ الْكَرِيْم الْحَلِيْم, وَاَشْهَدُ اَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ وَصَفِيُّهُ وَخَلِيْلُهُ الَّذِي خَصَّ بِالْخُلُقِ الْعَظِيْم صَلَّى اللهُ عَلَي سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وِعَلَى اَلِهِ وَاَصْحَابِهِ اَلَّذِيْنَ فَازُوْا بِالْحَظِّ وَسَلَّمَ تَسْلِيْمًا كِثِيْرًا.
اَمَّا بَعْدُ: فَيآَ اَيُّهَا النَّاسُ اِتَّقُوااللهَ فِيْمَا اَمَرَ وَانْتَهُوْا عَمَّا نَهَى وَزَجَرَ.وَاعْلَمُوْا اَنَّ اللهّ اَمَرَكُمْ بِاَمْرٍ بَدَأَ فِيْهِ بِنَفْسِهِ وَثَنَّى بِمَلآ ئِكَتِهِ فَقَالَ تَعاَلَى اِنَّ اللهَ وَمَلآ ئِكَتَهُ يُصَلُّوْنَ عَلَى النَّبِى يآ اَيُّهَا الَّذِيْنَ آمَنُوْا صَلُّوْا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوْا تَسْلِيْمًا. اَللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِناَ مُحَمَّدٍ وَعَلَى اَنْبِيآئِكَ وَرُسُلِكَ وَمَلآئِكَةِ اْلمُقَرَّبِيْنَ وَارْضَ اللهُمَّ عَنِ اْلخُلَفَاءِ الرَّاشِدِيْنَ اَبِى بَكْرٍوَعُمَروَعُثْمَان وَعَلِى رَضِيَ اللهُ تَعَالَى عَنْهُمْ وَعَنْ بَقِيَّةِ الصَّحَابَةِ وَالتَّابِعِيْنَ وَتَابِعِي التَّابِعِيْنَ لَهُمْ بِاِحْسَانِ اِلَى يَوْم الدِّيْنِ وَارْضَ عَنَّا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا اَرْحَمَ الرَّاحِمِيْنَ.
اللهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِيْنَ وَاْلمُؤْمِنَاتِ وَاْلمُسْلِمِيْنَ وَاْلمُسْلِمَاتِ اَلاَحْيآءِ مِنْهُمْ وَاْلاَمْوَاتِ اَللَّهُمَّ اَعِزَّ اْلاِسْلاَمَ وَاْلمُسْلِمِيْنَ وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَاْلمُشْرِكِيْنَ وَانْصُرْ عِبَادَكَ اْلمُوَحِّدِيْنَ وَانْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّيْنَ وَاخْذُلْ مَنْ خَذَلَ اْلمُسْلِمِيْنَ وَدَمِّرْ اَعْدَاءَ الدِّيْنِ وَأَعْلِ كَلِمَاتِكَ اِلَى يَوْمَ الدِّيْنِ. اَللَّهُمَّ اكْفِنَا شَرَّ مَنْ يُؤْذِيْنَا وَاَهْلِكْ مَنْ اَرَادَنَا بِالسُّوءِ يَآارْحَمَ الرَّاحِمِيْنَ اِرْحَمْنَا وَفَرِّجْ عَلَيْنَا وَالْمُسْلِمِيْنَ. اَللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا اْلبَلاَءَ وَاْلوَبَاءَ وَالزَّلاَزِلَ وَسُوْءَ اْلفِتْنَةِ وَاْلمِحَنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَنْ بَلَدِنَا اِنْدُونِيْسِيّ خَاصَّةً وَسَائِرِ اْلبُلْدَانِ اْلمُسْلِمِيْنَ عآمَّةً يَا رَبَّ اْلعَالَمِيْنَ. رَبَّنَا آتِناَ فِى الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِى اْلآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. رَبَّنَا ظَلَمْنَا اَنْفُسَنَاوَاِنْ لَمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُوْنَنَّ مِنَ اْلخَاسِرِيْنَ.
عِبَادَاللهِ : اِنَّ اللهَ يَأْمُرُنَا بِاْلعَدْلِ وَاْلاِحْسَانِ وَإِيْتآءِ ذِى اْلقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ اْلفَحْشآءِ وَاْلمُنْكَرِ وَاْلبَغْي يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ فَاذْكُرُوا اللهَ اْلعَظِيْمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوْهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَاسْئَلُوْهُ مِنْ فَضْلِهِ يُؤْتِكُمْ وَلَذِكْرُ اللهِ اَكْبَرُ.